

# Kijan pou Louvri yon Kont Bankè Ekonomize pou Inivèsite nan Amalgamated Bank



**Genyen plizyè fason pou ekonomize pou inivèsite.** NYC Kids RISE ankouraje chak fanmi chwazi opsyon ki pi bon pou li a. Ale sou [nyckidsrise.org/options](https://nyckidsrise.org/options) oswa patisipe nan yon atelye Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) pou plis enfòmasyon sou opsyon pou ekonomize pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl.

Youn nan opsyon pou ekonomize pou inivèsite ki disponib pou fanmi ou se yon **Kont Bankè Ekonomize pou Inivèsite nan Amalgamated Bank.**

- » Sa a se yon kont epay tradisyonèl nan Amalgamated Bank ki se pwopriyete yon paran/responsab legal oswa yon lòt manm nan fanmi an, e ki gen yon timoun ki nonmen kòm benefisyè.
- » Kont sa a pèmèt fanmi yo ekonomize nan yon enstitisyon finansyè ki asire epi li pèmèt yo akimile enterè sou lajan yo depoze sou kont la. Lajan ou asire, jiska \$250,000, si bank la ta fè fayit.<sup>1</sup>
- » Lajan sou kont sa a kapab jenere enterè, e y ap pran taks sou enterè a.
- » Pa genyen okenn frè jesyon mansyèl ki asosye avèk kont sa a. Sepandan, kont sa a genyen kèk frè pou tranzaksyon. Pou plis enfòmasyon, rele Amalgamated Bank nan 800-662-0860 oswa mande pou barèm frè a nan sikisal la.

<sup>1</sup>Limit kouvèti asirans depo estanda a se \$250,000 pou chak depozitè, nan chak bank ke Sosyete Federal pou Asirans Depo (Federal Deposit Insurance Corporation, FDIC) asire, pou chak kategori pwopriyete. Depo ki nan diferan kategori pwopriyete yo asire separeman, jiska omwen \$250,000, menm si se nan menm bank lan yo ye.

## Ki enfòmasyon mwen bezwen pou louvri kalite kont sa a?

Antanke Pwopriyete Kont la, ou pral bezwen enfòmasyon annapre yo:

- » Yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number) oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number) ki valid, oswa sètifikasyon W8.
- » Yon pyès idantite avèk foto ki valid ke yon ajans gouvènman federal oswa eta a emèt, oswa yon pyès idantite minisipal IDNYC. Si ou sèvi avèk yon kat IDNYC, yo pral mande ou prèv adrès anplis, tankou yon fakti kab oswa sèvis piblik.
- » Adrès ak dat nesans ou.
- » Non, adrès ak dat nesans pitit ou.
- » Adrès imèl ou (yo rekòmande sa).

## Kijan mwen kapab louvri epi konekte kalite kont sa a?

- » Pou louvri kalite kont sa a, ale nan nenpòt sikisal Amalgamated Bank nan Vil New York epi mande pou louvri yon Kont Bankè Ekonomize pou Inivèsite nan Amalgamated Bank. Gade lis sikisal yo nan paj apre a.

kontinye →

- » Ou pa kapab louvri kont sa a sou entènèt oswa pa telefòn.
- » Sepandan, depi ou louvri kont ou a, ou kapab enskri pou gen aksè nan kont bankè ou sou entènèt oswa sou yon aparèy pòtatif pou kapab jere kont ou. Pou aksè sou entènèt, enskri sou sit entènèt Bank la, [amalgamatedbank.com](http://amalgamatedbank.com).
- » Ou kapab konekte kont sa a avèk Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pitit ou a, pou fè sa, fòk ou dakò pataje done kont ou a avèk NYC Kids RISE pandan pwosesis ouvèti kont sa a.

## Ki sipò pou lang ki disponib?

- » Yo pale Angle nan tout sikisal yo, epi tout dokiman Amalgamated Bank yo pral bay yo pral nan lang Angle.
- » Sèvis nan lang Panyòl disponib pa telefòn epi kèk fwa nan sikisal yo. Rele sikisal espesifik la pou plis enfòmasyon.

## Èske mwen kapab louvri yon kont sou entènèt oswa pa telefòn?

- » Non, pa pou kounyeya.

## Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou kont sa a?

- » Kontakte Amalgamated Bank: 800-662-0860.
- » Vizite yon sikisal Amalgamated Bank [toupre ou](http://toupre.ou).
- » Ale sou [nyckidsrise.org/options](http://nyckidsrise.org/options).

Vil New York la ak Depatman Edikasyon NYC (NYC Department of Education) pa ofri okenn andòsman oswa rekòmandasyon pou, ni yo pa kontwole, posede oswa afilye avèk Jesyonè Pwogram NY 529 la ak nenpòt opsyon espesifik pou epay pou inivèsite oswa lòt mwayen investisman, ki enkli opsyon oswa mwayen ke fanmi yo gen dwa vin konnen atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.

## Sikisal Amalgamated Bank nan Vil New York

Ou kapab louvri epi konekte yon Kont Bankè Ekonomize pou Inivèsite nan Amalgamated Bank nan adrès sa yo:

**Union Square**  
10 East 14th Street  
New York, NY 10003  
212-823-8708

**Co-op City**  
2067 Bartow Ave.  
Bronx, NY 10475  
718-671-1800

**Bedford-Stuyvesant**  
1212 Fulton Street  
Brooklyn, NY 11216  
718-510-9001